



Estanda Florid yo

Nouvo Estanda Eta a: Ane Lekòl 2014-2015

Estanda Florid yo Poukisa N Ap Chanje yo?



- **Konsantre sou siksè nan kolèj ak karyè**
- **Prepare elèv avèk ladrès 21^{yèm} syèk la**
- **Ofri sijè ak aplikasyon konesans ki pi rijid**
- **Mete aksan sou panse ak analiz kritik**
- **Etabli machasuiv pou enstriksyon ki klè, e ki konsistan**

Estanda Florid yo Ki Sijè Yo Gen Ladan?



- **“Language Arts Florida Standards (LAFS)”**
(Estanda Lekti/Redaksyon Florid) e
“Mathematics Florida Standards (MAFS)”
(Estanda Matematik Florid) ofri yon seri
objektif ak atant ki klè
- **Defini kisa elèv ta dwe konnen e sa yo ka fè**
nan chak nivo ane eskolè – jadendanfan jiska
12yèm ane eskolè

Estanda Florid yo Kisa Yo Vle Di pou Ansèyman ak Aprantisaj?



LAFS

- Pratik regilye avèk tèks konplèks e langaj akademik
- Lektè, redaksyon, ekout ak konvèsasyon, byen balanse ki soti nan prèv ki anndan tèks
- Aplikasyon pratik
- Devlope konesans atravè tèks ki gen kontni rich

MAFS

- Konpreyansyon pi pwofon sou konsèp matematik
- Devlope menm abitud refleksyon avèk pansè matematik ki gen sèvo pwodiktif
- Aplikasyon pratik
- Reprezantasyon avèk teknoloji ki gen imaj, tablo, objè pou manipile

Estanda Florid yo E Nouvo Evalyasyon yo?



- Yo ap evalye MAFS ak LAFS avèk nouvo “Florida Standards Assessments (FSA)” (Evalyasyon Estanda Florid) yo
- Evalyasyon yo pral administre nan ivè 2015 pou lekòl segondè yo pral gen ladan:
 - “English Language Arts (ELA)” (Lekti/Redaksyon Anglè): 9yèm- 11yèm ane eskolè
 - Eleman Redaksyon ELA: 9yèm ak 11yèm ane eskolè
- Evalyasyon “End-of-Course (EOC)” (Fen Kou) FSA: Aljèb 1, Jewometri, Aljèb 2

Evalyasyon FSA ak EOC yo ap fèt sou òdinatè

Ki Estanda ak Evalyasyon ki Genyen pou Syans ak Syans Sosyal?



- **“Next Generation Sunshine State Standards (NGSSS)”** (Estanda Pwochen Jenerasyon Eta ‘Sunshine’) 2008 la rete an plas pou syans ak syans sosyal
- **Evalyasyon “End-of-Course (EOC)” (Fen Kou) pou elèv lekòl segondè:**
 - **Biyoloji 1**
 - **Istwa Etazini 11yèm ane eskolè**
 - **“Repriz” pou Aljèb 1, Lektif, FCAT 2.0 Biyoloji 1, ak Matematik FCAT SSS**

Rezilta sou evalyasyon EOC yo konte pou 30% nòt final kou a.

Estanda Florid yo Kijan Mwen Ka Ede Pitit Mwen an?



- Fè lekti nan diferan kalite liv ak tèks enfòmasyonèl avèk pitit ou a
- Mande pitit ou a pou l jwenn repons pou kesyon ki gen nan tèks liv, atik jounal, manyèl, eks.
- Ankouraje pitit ou a pou l fòme e defann yon opinyon nan sipòte li avèk prèv, detay ak rezon li jwenn nan tèks la
- Diskite ide matematik avèk pitit ou a e fè li ba ou eksplikasyon nan sèvi avèk imaj, tablo, eks.
- Vizite pòtal Evalyasyon Estanda Florid yo sou Entènèt nan: www.fsassessments.org pou w ka abitye ak nouvo evalyasyon yo.